


**NeMutungamiri Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga  
muHutungamiri Hwekutanga



# Kuva Vadzidzi Vechokwadi

**M**umusangano wesakaramende wega wega, tine mukana wekuvimbisa Baba Vekudenga kuti tinozogara tichiyeuka Muponesi uye nekuchengeta mirairo Yake kuitira kuti tigova neMweya Wake kuti uve nesu (ona Moronai 4:3; 5:2; D&Z 20:77, 79). KuMuyeu-ka kunozogara kuchiyuwa kwatiri sechinhu chemazuva ose apo patinotora zita Rake patiri. Tinotora zita Rake patiri nenzira dzakawanda asi kunyanya apo patinoshandira vamwe muzita Rake, patinoverenga mashoko matsvene Ake, uye patinonamata kuti tizive izvo zvaAngade kuti tiite.

Zvakaitika kwandiri apo pandakaita rubhabhatidzo rwemumwe mukoma wechidiki. Ndaiziva kuti ndakanga ndadaidzwa nevaranda vakagadzwa veMuponesi semushumiri kuti ndidzidzise vhangeri Rake uye kuti ndipupure neZvake uye nezveChechi Yake yechokwadi. Mufambidzani wangu weushumiri neni takanga tavimbisa mukomana wechidiki uyu kuti aizochenewa kuburikidza nesimba reRudzikinuro rwaJesu Kristu apo paaizotendeuka nerute-ndo muMuponesi uye obhabhatidzwa nemumwe wevaranda vane mvumo Vake.

Apo pandakasimudza mukomana wechidiki uyu kubuda mumvura dzechidziva cherubhabhatidzo, aka-zevezera munzeve mangu kuti, “ndachena, ndachena.” Muchinguva ichocho, ndakayeuka rubhabhatidzo rweMuponesi naJohane Mubhabhatidzi muRwizi rweJordan. Pamusoro paizvozvo, ndakayeuka kuti ndakanga ndichiita basa reruponeso reMuponesi akamutswa kuvakafa uye

anorarama—ndichibatsirwa neMweya Mutsvene, sekubatsirwa kwakaitwa Johane.

Kwandiri nekune mumwe nemumwe wedu, kuyeuka Muponesi kunokwanisa kudarika kuvimba nendangariro yeruzivo nezviitiko zvedu Naye. Tinokwanisa kuita sarudzo mazuva ese idzo dzinotisededza padyo Naye iye zvino.

Sarudzo iri nyore zvikuru ingangova yekuverenga magwaro matsvene. Nekuita izvozvo, tinokwanisa kuwana manzwiro ekuva padyo Naye. Kwandiri, kuva padyo kunowananzouya kazhinji zvikuru apo pandinoverenga muBhuku raMormoni. Mumaminetsi ekutanga ayo andinoverenga muzvitsauko zva 2 Nifai, ndinonzwa mupfungwa mangu mazwi aNifai naRihai vachitsanangura Muponesi sekunge vainyatsoMuziva ivo pachavo. Manzwiro ekuva padyo anouya.

Kwamuri, dzimwe nzvimbo muchinyorwa chitsvene dzingangonyanya kukuswededzai kwaAri. Asi kuri kupi zvako uye rinhi zvake pamunoverenga shoko raMwari, nechido chakaninipa uye chechokwadi chekuyeuka Muponesi, munozowedzera chido chenye chekutora zita Rake pamuri muupenyu hwenyu hwezvava rega rega.

Chido ichocho chinozoshandura nzira yamunoshandira nayo muChechi yaIshe. Munozonamata kuna Baba Vekudenga kuti muwane rubatsiro mukukudziridza kunyange izvo zvamunofunga kuti idaidzo isina kukosha. Rubatsiro rwamunozokumbira nderwe kwaniso yekunangisa

pfungwa panevamwe kunze kwako pachako uye wonyanya kunangisa pfungwa paneizvo zvinodiwa neMuponesi kune avo vamunodaidzwa kushandira.

Ndakanzwa kuruziwo Yake uye kuvapadyo Kwake mumushandiro wangu nevana vedu apo pandainamata kuti ndizive mabatsiriro andingavaita kuti vawane runyaro urwo rwunounzwa chete nevhangeri. Panguva dzakadaro, ndaiva ndisina hanya nezvekuda kuonekwa semubereki akabudirira, asi ndaiva nehanya yakadzama pamusoro pekubudirira neugaro hwakanaka zvevana vangu.

Chido chekupa avo vatinoshandira izvo Muponesi zvaangapa kwavari chinotungamirira kuminamata inova *yekuteterera* kuna Baba Vekudenga, zvechokwadi muzita raJesu Kristu. Apo patinonamata nenzira yakadaro—muzita reMuponesi, nerutendo maAri—Baba vanopindura. Vanotumira Mweya Mutsvene kuti utitungamire, utinyaradzwe, uye utikurudzire. Nokuti Mweya unopupura nguva dzose nezveMuponesi (ona 3 Nifai 11:32, 36; 28:11; Eta 12:41), kwaniso yedu yekuda Ishe nemwoyo wedu wose, pfungwa dzedu dzose, nesimba redu rose inowedzera (ona Marko 12:30; Ruka 10:27; D&Z 59:5).

Maropafadzo ekuyeuka kwezuya rega rega uye nguva dzose anouya zvishoma nezvishoma uye nguva dzose apo patinoMushandira, patinoita mabiko pashoko Rake, uye patinonamata nerutendo pazita Rake. Uye kuyeuka uku kunozotikurudzira kuti tive vadzidzi vechokwadi vaIshe Jesu Kristu muhumambo Hwavo panyika pano—uye panguva inotevera naBaba Vavo munyika inoshamisa ichauya.

## KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanotiraira kuyeuka Muponesi nguva dzose nekuita sarudzo dzezuya rega rega dzekuswadera padyo Naye. Neavo vaunodzidzisa, mungangoverenga minamato yesakaramende, iyo inotsanangura chibvumirano chekugara muchiMuyeuka (ona Moronai 4:3; 5:2; D&Z 20:77, 79). Funga kukoka avo vaunodzidzisa kuti vanyore udorongodzwa hwezvihu zvavangakwanise kuita zuva rega rega kuti vayeuke Muponesi. Ungangofungawo kuvakoka kuti vanamate kuna Baba Vekudenga kuitira kubudirira

neugaro hwakanaka hweumwe neumwe wavo. Funga kuvanamatira nenzira imwecheteyo.

## VECHIDIKI

### Kuyeuka Ishe Mazuva Ose

**S**hamwari, mabasa ekuita, basa rechikoro rekuitira kumba, Tii Vhii—pane zvinhu zvakanamata zvinoda nguva yedu. Asi svondo rega rega, tinovimbisa Baba Vekudenga “kuti [tino] yeuka nguva dzose [Mwanakomana Wavo, Jesu Kristu]” (D&Z 20:79).

Mutungamiri Eyring vanotaura kuti tinokwanisa “kuita sarudzo zuva rega rega” idzo dzinokwanisa kutibatsira kuyeuka Muponesi. Funga kuita chinangwa mwedzi uno chekuyeuka Muponesi zvakanamata zuva rega rega. Unokwanisa kugadzira karenda uye wozvipira kuchihu chimwechete pazuva chekusimbisa hukama hwako Naye. Mutungamiri Eyring vanodorongodza zvinhu zvakaite sekuverenga magwaro matsvene, kunamata murutendo, uye nekushandira Muponesi nevamwe. Panewo kuchengeta jonari, kupinda misangano yeChechi, kuteerera kumusangano mukuru, kuenda kutemberi, kuimba nziyo—pane zvimwe zvinhu zvakanamata zvinokwanisa kudorongodzwa. Apo patinoyeuka Muponesi zuva rega rega, Mutungamiri Eyring vanovimbisa kuti “maropafadzo . . . anozouya zvishoma nezvishoma uye nguva dzose . . . [uye] anozotikurudzira kuti tive vadzidzi vechokwadi valshe Jesu Kristu.”

## VANA

### Rudo ruZhinji

**A**po patinoverenga magwaro matsvene kana kunamata, tinokwanisa kunzwa madirwo atinoitwa naBaba Vekudenga naJesu. Tara mwoyo midiki mukati meumwe mwoyo wakati kurei. Isa ruvara mumwoyo nguva yega yega yaunonamata kana kuverenga magwaro matsvene ako. Chii chimwe chaungakwanisa kuita kuti unzwe kuvapadyo naBaba Vekudenga naJesu?



# Kuputira neRudo Avo Vanotsauka

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekudzidzisa. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo ehupenyu husingaperi?*

Rutendo Mhuri Rubatsiro

“Chokwadi ndechekuti hakuna mhuri dzakarurama zvakakwana,” vanodaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga. “Angava api zvawo matambudziko ariku-sanganikwa nawo nemhuri yenyu, zvingava zvipi zvazvo zvamunofanira kuita kuagadzirisa, mavambo nema-gumo egadziriso yacho rudo rwakadzama, rudo rwutsvene rwaKristu.”

Nezve avo vasiri kutora chinhanozvazara muvhangeri, Linda K. Burton, aimbova Mutungamiri Mukuru weChita cheRubatsiro, akati: “Baba Vekudenga vanoda vana Vavo vose. . . . Zvisinei nekuti ndekupi kwavari—kuti varikutora chinhano zvazara muvhangeri kana kuti vakabuda muChechi—Vanoda kuti vadzokere kumba.”<sup>2</sup>

“Zvisinei nekurasika kungange kwakaita [vana venyu], . . . apo pamunotaura kana kukurukura navo, musataure navo mukushatirwa musataure navo zvine hashanemaitiro ekushora,” vakadzidzisa Mutungamiri Joseph F. Smith (1838–1918). “Taurai navo zvine tsitsi.”<sup>3</sup>

Elder Brent H. Nielson veMakumi Manomwe vakadzokorora rairo yeMuponesi kune avo vane mashereni esirivheri gumi uye vorasikirwa nerimwechete: “Tsivagaisvika mariwana. Kana uyo akarasika ari mwanakomana kana mwanasikana wenyu, mukoma, munin’ina kana hanzvadzi yenyu, . . . mushure mezvose zvatinokwanisa kuita, tinoda munhu iyeyo nemwoyo yedu yose. . . .

“Ndinovimba kuti imi neni tinogashira chakazarurwa chekuziva mabatsiriro akanakisisa atingaita avo vari muupenyu hwedu vakarasika uye, apo pazvinodikanwa, tive nemwoyo murefu nerudo rwaBaba vedu vari Kudenga neMwanakomana Wavo, Jesu Kristu, apo patinoda, nokutarira, uye nokumirira muparadzi.”<sup>4</sup>

Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga, vakati: “Ndanamata nerutendo kuti mumwe munhu wandaida azotsvaga uye agonzwa simba reRudzikinuro. Ndanamata nerutendo kuti ngirozi

dzevanhu dzaizouya kurubatsiro rwavo, uye dzakauya.

“Mwari vakaronga nzira dzekuponesa mumwe nemumwe wevana Vavo.”<sup>5</sup>

## Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo

Mateo 18:12; Aruma 31:35; 3 Nifai 13:32; D&Z 121:41–42  
[reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)

### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Dieter F. Uchtdorf, “In Praise of Those Who Save,” *Liahona*, Chivabvu 2016, 79, 80.
2. Linda K. Burton, in Sarah Jane Weaver, “Sister Burton, Sister Wixom Visit Church’s Pacific Area,” *Church News*, Kubvumbi 2, 2013, [lds.org/church/news](http://lds.org/church/news).
3. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph F. Smith* (1998), 254.
4. Brent H. Nielson, “Waiting for the Prodigal,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 103.
5. Henry B. Eyring, “To My Grandchildren,” *Liahona*, Mbudzi 2013, 71.

### Funga Izvi

Tinokwanisa sei kuramba tichiratidza rudo rwakadzama kune avo vasingade kurarama misimboti yevhangeri?